

Haitian Creole:

MESAJ 1

Sijè: Mizajou Enpòtan osijè Livrezon Manje TLC (TLC Food Delivery)

Livrezon Manje TLC se yon eleman kle nan pwogram elaji GetFoodNYC Vil la pou asire Nouyòkè ki pa jwenn manje tout tan jwenn aksè nan repa pandan kriz sante COVID-19 la. Sipò ou bay pwogram sa a te esansyèl pou li te ka jwenn nivo siksè li te genyen an. Chofè TLC yo k ap travay nan taksi yo, machin livrezon oswa minivenn familyal yo te livre plis pase 65 milyon repa epi yo te touche plis pase \$39 milyon dola. Se te yon lonè pou TLC pou li sipòte chofè yo nan travay enpòtan sa a.

Vil la detèmine semèn sa a se pral dènye semèn pwogram Livrezon Manje TLC an. Pandan Vil la te re-ouvri, te gen mwens demand pou pwogram livrezon manje TLC an, ansanm ak pwogram GetFoodNYC ki asosye yo, sa ki gen ladann pwogram Grab and Go (Vin chèche, Pote ale) Depatman Edikasyon an, kapab satisfè demand ki genyen kounye a pou manje. Kidonk, **vandredi 23 oktòb, se pral dènye jou aktivite pwogram Livrezon Manje TLC an.** Sizoka demand pou repa yo ta vin ogmante poutèt kriz sante COVID-19 la, TLC ta notifiye imedyatman chofè yo si Vil la ap rekòmanse aktivite Livrezon Manje TLC yo.

Angajman Vil New York pou ofri manje bay moun ki nan bezwen, ap kontinye. Pou jwenn plis enfòmasyon konsènan resous kote pou jwenn manje, tanpri al gade nan nyc.gov/GetFood.

TLC ta renmen remèsye tout chofè yo ki te sipòte pwogram esansyèl sa a epi ki te asire ke moun ki nan bezwen gen manje pou yo manje. Menmjan ak sa nou t ap fè pandan tout tan sa a, TLC pral kontinye founi sipò bay nenpòt chofè ki gen kesyon oubyen preyokipasyon konsènan pwogram la oswa konsènan peman yo. Tanpri voye yon imèl nan TLCExternalAffairs@tlc.nyc.gov si w bezwen èd.